

Supplemental Security Income (SSI)

Edisyon 2008



Konprann Pwen Enpòtan SSI: Revni ki Fèt nan Boza



Mwen se yon atis k ap resevwa benefis SSI.

Kouman lajan mwen resevwa a pou travay boza mwen konsidere lè w ap kalkile benefis SSI mwen an?

Sa depanne kalite travay ou nan boza.

- Si w ap travay kòm anplwaye yon moun pou fè travay boza, lajan an konsidere kòm salè.
- Si w gen yon ti biznis, lajan an konsidere kòm salè ou touche nan travay endepandan.
- Si w pa ni anplwaye ni travayè endepandan antan yon atis, nenpòt lajan ou resevwa pou travay boza ap konsidere kòm "rant" [nan](#) mwa ou resevwa li a.



Li rele "rant" [paske](#) ou pa touche lajan nan travay la oswa nan travay endepandan.

Menm si nou ka bezwen diminye benefis SSI ou lè w resevwa lòt [revni](#), nou pa konsidere tout [revni ou](#). Kidonk, anpil fwa ou vin genyen plis lajan.

Kouman salè yo afekte benefis SSI mwen?

Lè w touche salè, nou gade kantite lajan anvan taks la.

Nan kantite lajan sa a:

- nou retire premye \$65; epi
- nou retire yon mwatye nan sa ki rete a.

Lòt dediksyon ka aplike tou.

- Si salè ou se sèlman [revni](#) ou touche (ki diferan avèk benefis SSI ou), n ap retire \$20 pa mwa nan salè ou.
- Si w se yon elèv ki pokò gen 22 zan, anjeneral nou ka retire plis nan salè ou. Limit pa mwa ak pa ane ka aplike sou sa nou ka retire a.
- Si w enfim men ou pa avèg, n ap retire depans ou fè yo pou pèmèt ou travay akòz enfimite ou (chèz woulan, pwotèz, medikaman, elatriye).
- Si w avèg, n ap retire tout depans ou fè pou travay ou (taks, repa, transpò, elatriye).
- Si w gen yon [Plan ki apwouve pou vin Endependan \(PASS\)](#), n ap retire nenpòt kantite lajan nan [revni](#) ou ki sèvi pou reyalize bi ki apwouve pou travay ou.

Aprè dediksyon kantite lajan sa yo, kantite lajan ki rete nan salè a ap diminye benefis SSI ou. Men, paske nou toujou konsidere mwens pase mwatye salè ou, ou vin jwenn plis lajan.

Kouman salè mwen reyalize nan travay endependan mwen afekte benefis SSI mwen?

Ou dedwi depans biznis ou sou Schedule C (Barèm C) nan fòm taks federal ou. Answit ou kalkile "salè nè (lajan aprè taks ak lot dediksyon) ou fè nan travay endependan ou" nan Schedule SE (Barèm SE).

Nou divize salè nè yo menm jan pamí mwa ki nan ane taksab ou. Pou chak mwa, nou retire menm dediksyon ki aplike sou salè a.

Kantite lajan ki rete nan salè nè ou ap diminye benefis SSI ou. Men, paske nou toujou konsidere mwens pase mwatye salè ou, ou vin jwenn plis lajan.

Si mwen kòmanse touche twòp lajan nan travay boza mwen pou mwen kontinye resevwa benefis SSI mwen, èske m ap pèdi pwoteksyon Medicaid mwen?

Pa nesesèman. Si revni travay [boza](#) sòti nan salè travay oswa nan travay endepandan, anjeneral, pwoteksyon Medicaid ou ap kontinye toutotan ou pa anmezi pou peye pou pwoteksyon ki sanblab.

Epitou, si salè ou vin bese annapre, ou ka anmezi pou resevwa benefis SSI ou ankò san w pa gen pou ranpli yon nouvo fòm aplikasyon.

Kouman “rant” lan afekte benefis SSI mwen?

Nou gade kantite lajan anvan taks ou resevwa. Answit nou retire nenpòt frè ou te depanse pou w ka reyalize [revni](#) (atik boza, papye, elatriye). Nou rele tout frè sa yo “depans pou w ka reyalize [revni](#).” Nou retire \$20 tou nan [revni](#) chak mwa. [Revni](#) k ap rete a ap diminye benefis SSI ou.

Pifò dediksyon nan lis anwo a ki aplike sou salè ou ak salè ou fè nan travay endepandan ou pa aplike sou “rant” [lan](#). Kidonk, anjeneral, “rant” [lan](#) lakòz gen yon pi gwo dediksyon nan benefis SSI ou. Men, anpil fwa, ou toujou vin jwenn plis lajan.

Èske yon prim mwen resevwa pou reyalizasyon travay atistik afekte benefis SSI mwen?

Dapre lalwa, nenpòt kalite prim se “rant” [nan](#) mwa ou resevwa yo. Si w depanse lajan an nan mwa ou resevwa li, anjeneral benefis SSI ou ap afekte sèlman nan mwa a. Men nenpòt lajan ou genyen apre mwa ou resevwa li a ap konte kòm yon [resous](#) pou bi SSI toutotan ou genyen li.

Limit SSi sou [resous yo](#) se \$2000 (\$3000 si w gen yon konjwen). Si [resous](#) ou depase limit la nan nenpòt mwa, ou pa elijib pou resevwa benefis SSI.

Èske sibvansyon pou aprantisaj ak sibvansyon asosyasyon afekte benefis SSI mwen?

Sibvansyon ou resevwa pou etid pa konte kont benefis SSI ou toutotan ou sèvi ak lajan an pou kou prive, frè, ak depans edikatif ki nesesè. Men nenpòt lajan ou itilize pou yon lòt bagay, avèk tou lajan ou itilize pou manje ak lojman, ap konsidere kòm “rant” [ou](#) nan mwa ou te resevwa lajan an.

Epitou, si w pa depanse lajan sibvansyon an nan mwa ou resevwa li, I ap konsidere kòm [resous](#) ou pandan tout tan ou genyen lajan an (Sibvansyon, bousdetid ak kado ou resevwa pou edikasyon apre premye jen 2004 p ap konsidere kòm yon [resous](#) pou [nèf mwa](#) apre w fin resevwa yo.)

Kèk lajan ou resevwa dapre Title IV of the Higher Education Act of 1965 (Tit IV Lwa 1965 sou Ansèyman Siperyè) oswa nan Bureau of Indian Affairs (Biwo Afè Endyen) eskli nan [revni](#) ak [resous](#) kélkeswa fason ou itilize lajan an.

Si w resevwa yon sibvansyon pou ede w fòme yon atis, epi fòmasyon atis yo fè pati biznis ou kòm yon moun ki travayè endepandan, sibvansyon an ap konsidere kòm pati salè ou fè nan travay endepandan ou. Sinon, lajan an (mwens nenpòt depans ki nesesè) ap konsidere kòm “rant” [ou](#) nan mwa ou resevwa li.

Èske materyèl ak lòt byen mwen bezwen pou fè travay boza mwen ap konsidere kòm yon resous?

Pètèt non. Nan pifò ka, byen ou itilize pou ede w sipòte pwòp tèt ou pa konsidere, ka gen sèten limit ki aplike sou li. Nou rele li “byen debaz pou vin endepandan.”

Kouman mwen ka evite pou SSI pa peye mwen twòp lajan lè mwen fè lajan nan travay boza mwen oswa lè mwen resevwa yon prim oswa yon sibvansyon pou etid?

Pi bon fason pou ou evite resevwa twòp lajan se pale avèk nou nan moman ou konnen ou ka resevwa lajan an. Nou ka eksplike w fason règ yo fonksyone ak fason pou evite oswa pou minimize kantite lajan [peman anplis](#). Ou ka rele nou nan nimewo **1–800–772–1213**.

Ou dwe fè nou konnen touswit kèlkeswa lè [revni ou](#) chanje. Si w pa fè sa, nou ka peye w twòp benefis SSI, epi ou ka gen pou ranbouse lajan an.

Sonje toujou sere resi depans ou lè w fè yon travay boza. Si w pa konnen depans ou fè, nou ka dedwi yo nan [revni ou](#).

Èske Sekirite Sosyal ka ede mwen devlope ladrès pou mwen fè lajan nan travay boza mwen?

Malerezman nou pa ka ba ou sibvansyon oswa nou pa ka prete w lajan pou fòmasyon oswa pou materyèl. Men, si w déjà gen yon [revni](#) anplis benefis SSI ou, nou ka anmezi pou ba ou plis benefis SSI si w itilize lòt [revni](#) pou devlope kòm yon atis oswa pou kòmanse yon biznis. Gade dokiman Pwen Enpòtan SSI sou [Plan pou Vin Endepandan \(PASS\)](#).

Èske gen lòt pwen enpòtan SSI mwen ta dwe li?

Wi. Gen Pwen Enpòtan SSI sou yon kantite sijè ki diskite nan pwen enpòtan sa a:

- [Elijiblite Pwolonje pou Medicaid pou Moun K ap Travay \(Seksyon 1619 \(b\)\)](#)
- [Depans pou Travay ki Asosye avèk Enfimite](#)
- [Plan pou Vin Endepandan \(PASS\)](#)
- [Byen Ou Bezwén pou Vin Endepandan](#)
- [Resous](#)
- [Règ Espesyal SSI pou Moun Avèg K ap Travay](#)
- [Esklizyon Revni Pwofesyonèl Elèv](#)

Pwen enpòtan sa yo disponib tou nan biwo Sekirite Sosyal ak sou wèbsayt nou nan www.socialsecurity.gov/pubs/faxidx1.html, oswa ou ka mande nou pou FAKSE yo pou ou depi w rele nou gratis nan nimewo, **1–888–475–7000**, nan yon telefòn ki gen touch.